# BASLAWISH KLASSLARDA ANA TILI HÁM OQIW SAWATLILIĞI PÁNIN OQITIW MÁSELELERINDEGI TENDICIYALAR

**Aytjanova Aygul Sarsengaliy qızı**
**Ajiniyaz atındağı NMPI 1-kurs magistrantı**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.17891937**

Búgingi kúnde bilimlendiriw sistemasında ámelge asırılıp atırǵan reformalar, ásirese, baslawısh bilim beriw basqıshında oqıwshılardıń sóylew mádeniyatın qáliplestiriw, oqıw hám jazıw sawatlılıǵın rawajlandırıw máselelerine ayrıqsha itibar qaratılmaqta. Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı páni balalardıń oylawı, sóylewi, erkin pikirlewi, estetikalıq talǵamı hám mádeniyatın qáliplestiriwshi tiykarǵı pánlerden biri bolıp esaplanadı. Sonlıqtan, bul baǵdarda zamanagóy pedagogikalıq qatnaslar hám oqıtıw metodlarında bir qatar jańa tendenciyalar baqlanbaqta.

**1. Kompetenciyaga tiykarlangan jantasıw.**

Jańa áwlad oqıw baǵdarlamaları oqıwshını tek ǵana bilim iyelewshi emes, al turmıslıq kompetenciyalarǵa ie shaxs sıpatında qáliplestiriwdi maqset etken. Usı tárepten, ana tili hám oqıw sawatlılıǵı sabaqlarında:

Informaciyanı izlep tabiw, analizlew hám bahalaw kónlikpelerin rawajlandırıw;

Oqıwshını óz betinshe pikirlewge, óz pikirin awızeki hám jazba formada anıq bayan etiwge úyretiw;

Dóretiwshilik hám sın kózqarastan pikirlewdi rawajlandırıwǵa xızmet etetuǵın tapsırmalardan paydalanıw tendenciyası kúsheymekte.

**2. 4K modeli tiykarındaǵı bilimlendiriw.**

Házirgi bilimlendiriw procesinde 4K modeli (Kreativlik, Kritikalıq pikirlew, Kommunikaciya, Kollaboraciya) keń qollanılmaqta. Ana tili hám oqiw sawatlılıǵı pánínde bul tómendegishe kórinedi:

Tekst penen islewde analitikalıq pikirlewdi rawajlandırıw;

Toparlarda islew, sóylesiw hám pikir-talas usılların engiziw;

Dóretiwshilik jazıw sabaqları arqalı oqıwshınıń ózine tán dúnyaqarasın qáliplestiriw.

**3. Integraciyalasqan oqıtıw kózqarası.**

Sońǵı jılları pánleraralıq integraciya principi tiykarında sabaqlar shólkemlestirilmekte. Máselen:

Ana tili sabaqları tábiyattanıw, texnologiya, kórkem óner pánleri menen baylanıspaqta;

Oqiw sabaqlarında milliy qádiriyatlar, ekologiyalıq mádeniyat yamasa ádep-ikramlılıq tárbiyası elementleri kirgizilmekte;

Bul bolsa oqıwshılarda logikalıq baylanıslardı ańlaw, turmıslıq bilimlerdi qollanıw kónlikpesin qáliplestiredi.

**4. Informaciya texnologiyalarınan paydalanıw.**

Sanlı bilimlendiriw ortalıǵında sabaq processlerin interaktiv shólkemlestiriw - zamanagóy tendenciyanıń áhmiyetli kórinisi.

Elektron resurslar, interaktiv platformalar (LearningApps, Kahoot, Wordwall hám basqa) arqalı oqiw sawatlılıǵın bekkemlew;

Oqıwshılar ushın audio-tekstler, video kórinisler, virtual oyınlar járdeminde oqiw procesin qızıqlı etiw;

Sanlı bahalaw sistemalarınan paydalanıw arqalı muǵallim-oqıwshı birge islesiwin bekkemlew.

**5. Differencial hám individual qatnas.**

Oqıwshılardıń tayarlıq dárejesi, oqıw tezligi, sóylew mádeniyatı hár qıylı bolǵanı ushın:

Hár bir bala ushın jeke rawajlanıw traektoriyasın belgilew;

Qıyınshılıqlarǵa dus kelip atırǵan oqıwshılar ushın qosımsha shınıǵıwlardı shólkemlestiriw;

Qábiletli oqıwshılar menen dóretiwshilik tapsırmalar, mini-joybarlar tiykarında islesiw jolǵa qoyılmaqta.

**6. Oqıtıwshı roliniń ózgeriwi.**

Zamanagóy tendenciyalar sonı kórsetedi, oqıtıwshı endi:

Bilim beriwshi emes, al bagdarlawshı, motivaciyalawshı hám fasilitator rolin atqaradı;

Oqıwshını belsendilikke, ǵárezsizlikke, izleniwge shaqıradı;

Bilim beriw procesinde refleksiya (óz iskerligin analiz etiw) hám metakognitivlik qatnastı qollanadı.

Baslawısh klasslarda ana tili hám oqıw sawatlılıǵı pánin oqıtıw máselelerindegi tendenciyalar - bul tek metodikalıq jańalıq emes, al bilimlendiriw filosofiyasınıń jańalanıwı bolıp tabıladı. Zamanagóy oqıtıw jantasıwları oqıwshını bilim iyesi emes, al pikirlewshi, dóretiwshi hám belsendi shaxs sipatında qáliplestiriwge xizmet etpekte. Sonlıqtan, hár bir oqıtıwshı óz jumısında innovaciyalıq qatnaslardı engiziwi, zaman talabına say bilimlendiriw ortalıǵın jaratıwı zárúr.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Oʻzbekiston Respublikasi Ta’lim toʻgʻrisidagi Qonuni. – Toshkent: Oliy Majlis, 2020.
2. Oʻzbekiston Respublikasi Prezidentining “Xalq ta’limi tizimini tubdan takomillashtirish toʻgʻrisida”gi PQ–3907-son Qarori. – Toshkent, 2018.
3. Oʻzbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining “Davlat ta’lim standartlarini tasdiqlash toʻgʻrisida”gi qarori. – Toshkent, 2021.
4. Boshlangʻich ta’lim davlat oʻquv dasturi. – Toshkent: Respublika ta’lim markazi, 2021.
5. “Ona tili va oʻqish savodxonligi” 1–4-sinf darsliklari / Q. Ahmedova, N. Toʻxliyeva va boshq. – Toshkent: “Yangiyoʻl Poligraf Servis”, 2021–2023.
6. Ahmedova Q. Boshlangʻich ta’limda til oʻqitish metodikasi. – Toshkent: Noshir, 2019.
7. Toʻxliyeva N. Oʻqish savodxonligini shakllantirishning innovatsion texnologiyalari. – Toshkent: Fan va texnologiya, 2020.
8. Gʻulomov A., Qodirov T. Oʻzbek tili oʻqitish metodikasi. — Toshkent: Oʻqituvchi, 2018.
9. Xudoyberganova M. Boshlangʻich sinflarda oʻqish jarayonini tashkil etishning zamonaviy yondashuvlari // “Boshlangʻich ta’lim” jurnali. – 2022. – №4. – B. 22–28.
10. Shodmonov S., Saidov B. Pedagogika. – Toshkent: Fan va texnologiya, 2020.
11. Soliyeva G. Kompetensiyaga asoslangan ta’limning nazariy asoslari // “Ta’limda innovatsiya” ilmiy jurnali. – 2021. – №2.